

PÒS ANSÈYMAN NAN BOSTON PUBLIC SCHOOLS

Plis pase 10,000 pwofesyonèl devwe ap travay nan Boston Public Schools. Y ap travay pou asire yo ke etidyan yo atenn ekselans sou plan akademik.

Nou ofri opòtinite karyè enteresan pou anplwaye nou yo atravè:

- pwogram devlopman nouvo pwofesè
- sipò lisans pou Pwofesè Massachusetts, ak
- salè ak avantaj ki konkiransyèl anpil.

Èske w enterese nan yon pòs nan Boston Public Schools? Nòmalmman nouibliye pòs nan mwa mas.

- Avan mwa mas, n ap ankouraje kandida yo aprann plis sou opòtinite karyè epi aplike nan gwoupman distri a pandan y ap vizite techboston.org.
- Ou gen kesyon? Kontakte Ekip Rekritman BPS la nan recruitment@bostonpublicschools.org



OU PA GEN ÒDINATÈ?

Genyen plizyè kote w ka ale pou jwenn aksè ak resevwa èd pou w sèvi ak yon òdinatè.

CITY OF BOSTON, HUMAN RESOURCES (RESOUS IMÈN, VIL BOSTON)

1 City Hall Square, Room 612

(617) 635-3370 | boston.gov/human-resources

Lendi - Vandredi, 9 è maten - 5 è aprèmidi.

BOSTON PUBLIC SCHOOLS, HUMAN RESOURCES (RESOUS IMÈN, BOSTON PUBLIC SCHOOLS)

23 Court Street, Downtown

(617) 635-9600 | bostonpublicschools.org

BOSTON PUBLIC LIBRARY (BIBLYOTÈK PIBLIK BOSTON)

Lokal atravè Boston | bpl.org

MASSHIRE DOWNTOWN BOSTON CAREER CENTER (SANT KARYÈ MASSHIRE DOWNTOW BOSTON)

75 Federal Street, 3rd Floor, Boston, MA 02110

617-399-3100 | masshiredowntownboston.org

MASSHIRE BOSTON CAREER CENTER

1010 Harrison Avenue, Boston, MA 02119

617-541-1400 | masshirebostoncareerctr.org

CITY OF BOSTON, DIVERSITY OFFICE

(617) 635-0910 | diversityteam@boston.gov

boston.gov/diversity

Byenvini nan SANT KARYÈ VIL BOSTON !

Sant Karyè a rann li senp pou aplike pou pòs ak Vil Boston sou entènèt.

Sitwèb Sant Karyè a fèt pou ede kandida aplike pou opòtinite anplwa nan pwòp departman yo, tankou Komisyon Sante Piblik, Lekòl Piblik, Planifikasyon ak Devlopman, Komisyon Dlo ak Egou.



CITY of BOSTON

KÒMAN POU W RIVE NAN SANT KARYÈ

Pou w aplike pou yon anlwa sou sitwèb nou an, tanpri vizite [boston.gov/jobs](https://www.boston.gov/jobs). Lè w fin rive sou Sant Karyè a, ou dwe:

- enskri oswa konekte sou kont ou an
- kreye yon pwofil, oswa aktyalize youn ki egziste deja
- atache CV ou (ou ka ajoute tou yon lèt kouvèti)
- reponn kesyonè aplikasyon nou an, epi soumèt
- aplikasyon w pou anlwa espesifik.

Pwofil ouak enfòmasyon w ap sovgade sou kont ou an, sa k ap ekonomize tan w pou lè w ap aplike pou anlwa pi devan.

KONSÈY ITIL

- Ou ka sèlman ajoute YON fichye nan yon aplikasyon. Donk, si w itilize yon paj kouvèti, ajoute li nan kòmansman CV ou epi soumèt yo ansanm. Nou prefere ke w soumèt fichye w an PDF, men nou aksepte dokiman Word.
- Sonje pou verifye aplikasyon ak fichye w ajoute yo. Apre w fin klike SUBMIT (SOUMÈT, ou pa ka chanje aplikasyon w lan. W ap bezwen soumèt yon lòt.

FONKSYON SANT KARYÈ A

RECHÈCH ANPLWA

Atravè yon rechèch anlwa, ou ka wè tout anlwa ki disponib ki ka koresponn ak konpetans ak eksperyans ou. W ap chache yon anlwa espesifik?

Ou ka tape mo kle nan kare rechèch nou an pou presize rechèch ou a.

APLIKE POU YON ANPLWA

Klike sou tit anlwa a pou wè sa anlwa a egzije. Klike sou "Apply" (Aplike) pou aplike pou anlwa a.

AJOUTE KALIFIKASYON W

Aplikasyon an genyen ladann yon seksyon kote w dwe ajoute:

- edikasyon
- lisans eksperyans
- travay, ak
- Lòt enfòmasyon enpòtan.

Ou ka sèvi ak bouton "Next" (Swivan) anba ekran an pou deplase nan chak seksyon aplikasyon an.

APLIKE POU YON ANPLWA

Ou ka sovgade aplikasyon w lan antanke bouyon nenpòt lè. Pou fè sa: klike sou "Sovgade Antanke Bouyon."

MODIFYE BOUYON ANPLIKASYON

Ale nan "Tools" (Zouti) Sant Karyè a answit klike sou lyen "Applications" (Aplikasyon). Ou ka jwenn bouyon aplikasyon w lan epi fè modifikasyon.

SOUMÈT APLIKASYON W LAN

Lè w fin ranpli tout chan obligatwa pou yon anlwa, klike sou "Submit" (Soumèt). Apre w fin dakò ak tèm ak kondisyon yo, ou pral wè yon paj final k ap remèsye w pou aplikasyon w.

REVIZE APLIKASYON KI SOUMÈT

Pou revize yon aplikasyon w soumèt, ale sou "My Careers" (Karyè Mwen) answit klike sou "Applications" (Aplikasyon). W ap kapab wè anlwa w te aplike pouyo, ansanm ak deskripsyon travay.

